O’zbekistan Respublikasi Joqari ha’m Orta Arnawli Bilimlendiriw Ministrligi

**Berdaq atindag’i Qaraqalpaq Ma’mleketlik Universiteti**

**Yuridika fakulteti**

**"Puqaraliq ha’m xojaliq huquqi" kafedrasi**

**"Puqaraliq protsessual huquqi" pa’ninen**

**Tema: Sud qararlarinin’ orinlaniwi**

# KURS JUMISI

Orinlag’an: Bisenova. G

Qabillag’an: Aytmuratova.R

“No’kis-2012-jil”

## Sud qararlarinin’ orinlaniwi

## Joba:

**Kirisiw**.

**I-bap Sud ha’m basqa organlar qararlarininin’ orinlaniwi puqaraliq protsessinin’ juwmaqlawshi basqishi.**

1 § Sud qararlarin orinlawda qatnasatug’in shaxslar.

2 § Orinlaw tiykarlari.

3 § Orinlaw hujjetlerin majburiy orinlawg’a tapiriw muddetleri.

**II-bap Orinlaw isin ju’ritiwdin’ uliwma tiykarlari.**

1 § Orinlaw isin ju’ritiw ta’rtibi.

2 § Qarizdardin’ mu’lki esabinan haqi o’ndiriw ta’rtibi.

3 § Is haqini o’ndiriw

4 § Napaqani o’ndiriw.

5 § O’ndirilgen swmmani o’ndiriwshiler arasinda bo’listiriw.

**Juwmaqlaw.**

**Slaydlar**

**Paydalanilg’an a’debiyatlar.**

## **Kirisiw**.

Erkin puqaraliq ja’miyetin qa’liplestiriw jolinan g’aressiz ma’mleketimiz insan huquqlarinin’ qorg’aliwi ha’m demokratiyaliq reformalardi teren’lestiriw barisinda du’nya ju’zlik siyasiy waqiyalar menen ten’dey qa’dem taslap kelmekte.

Elimiz Insan huquqlarina tiyisli bir qatar xaliq araliq huquqiy hu’jjetlerge qosildi. Na’tiyjede ma’mleketimizde xaliq araliq huquq normalari ha’m uliwma insaniy qa’diriyatlar milliy nizamshilig’imizg’a sin’dirilip, joqari statusqa iye boldi. A’dalatli puqaraliq ja’miyetinin’ huquqiy tiykarlari jedellik penen qa’liplestirildi. Bunda shaxs huquq ha’m erkinlikleri kepillilerin ta’miynlew tiykarg’i maqset etip qoyilg’an.

O’zin’izge belgili, O’zbekistan 1991-jil o’z g’aressizligin qolg’a kiritkennen keyin o’mirin o’tep bolg’an ha’kimshilik-buyriqpazliq, rejeli bo’listiriw jolinan waz keship, “o’zbek modeli” dep atalg’an o’z rawajlaniw jolin tan’lap aldi.

Biz islep shiqqan ha’m bu’gingi ku’nde turmisqa en’gizip atirg’an bul modeldin’ mazmuni — ma’mleket qurilisi ha’m konstitutsiyaliq du’zimin tu’pten o’zgertiw ha’m jan’alaw, ekonomikani ideyalogiyadan ajiratiw, onin’ siyasattan u’stinligin ta’miynlew, ma’mlekettin’ bas reformatorliq waziypasin orinlawi, yag’niy reformalar baslamashisi boliwi ha’m olardi muwapiqlastirip bariwi, nizam u’stinligin ta’miynlew, ku’shli sotsialliq siyasat ju’ritiw, reformalardi basqishpa-basqish ha’m izshil alip bariw

prinsplerine tiykarlanatu'gin siyasiy, ekonomikaliq ha'm sotsialliq reformalardi a'melge asiriwdan ibarat.[1]

O'zbekistan Respublikasi Kontitutsiyasina muwapiq, ha'r bir adamg'a o'z huquq ha'm erkinliklerin sud arqali qorg'aw, ma'mleketlik uyimlardin', lawazimli shaxslardin', ja'miyetlik birlespelerdin' nizamsiz is-ha'reketleri u'stinen sudqa shag'im etiw huquqina kepillik berilgen.

Puqara ha'm sho'lkemler tiyisli jeke, siyasiy, ekonomikaliq ha'm sotsialliq huquqlarin qorg'aw ushin islerdin' belgilengen ta'rtipte sudqa mu'rajat etiwge haqli. Bunday puqaraliq islerdin' sudlarda ha'm basqa organlarda duris ha'm o'z waqtinda ko'rip shig'iliwin ja'ne sheshiliwin ta'miynlewde puqaraliq huquqiy normalardin' en'giziliwi u'lken a'hmiyetke iye.

A'dil sudlawdi a'melge asiriw maqsetinde puqaralar ha'm sho'lkemlerdin' huquqlarin qorg'aw maqsetinde shig'arilg'an qararlardin' orinlaniwi puqaraliq protsessinin' juwmaqlawshi basqishi bolip tabiladi.

Sud qararlarinin' orinlaniwin ta'rtipke saliw ma'seleleri tek g'ana O'zbekstan Respublikasi Puqaraliq Protsessual Kodeksi menen ta'rtipke salinbaydi, ba'lkim 2001-jil 29-avgutta qabil etilgen "Sud hu'jjetleri ha'm basqa organ hu'jjetlerin orinlaw haqqinda" g'i nizam menen belgilenedi. Bul o'z gezeginde elimizde alip barilip atirg'an sud-huquq sistemasin reformalaw na'tiyjeinde erisilgen u'lken qa'demlerden biri.

---

[1] "Mamlakatda demokratik islohatlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish konseptsiyasi" 2012, 12-noyabr. 1-b

Orinlaw isin ju'ritiw tarawinda reformalaw basqishlari 2 basqishti o'z ishine qamtiydi:

1) 1991-2000-jillardi o'z ishine aladi.

2) 2001-2007-jillardi o'z ishine aladi.

Atap aytqanda, 1993-jili tastiyqlang'an "Orinlawdi ju'ritiw qollanbasi" orinlaw isin ju'ritiw institutin reformalawda da'slepki urinis boldi desek qa'telespeymiz.

Solay etip, ma'mleketimizde sudyalardin' g'aressizligine erisiw, sudlar iskerligin sho'lkemleskenlik, material-texnikaliq ha'm finansliq jaqtan ta'miynlew ma'selelerin jetilistiriw maqsetinde Ministrler Kabinetinin' 2001-jil 22–sentyabrdegi qararina ko're, A'dillik Ministrligi janinda arnawli wa'killikli organ — Sud qararlarin orinlaw, sudlar iskerligin material-texnikaliq ha'm finansliq jaqtan ta'miynlew departamenti ha'm onin' orinlardag'i bo'limleri sho'lkemlestirildi.

Sud ha'kimiyatinin' basqishpa-basqish bekkemlep bariw, sudtin' g'aressizligin ta'miynlew, oni buring'i du'zimde bolg'ani siyaqli repressiya qurali ha'm jazalaw erki sipatindagi organ emes, ba'lkim insan ha'm puqara huquq ha'm erkinliklerin isenimli qorg'awg'a xizmet etetug'in tu'p ma'nidegi g'aressiz ma'mleket institutina aylandiriwg'a qaratilg'an ken' ko'lemli sho'lkemlestiriwshilik-huquqiy shara-ilajlar a'melge asirildi.[2]

---

[2] I.Karimov. "Mamlakatni modernizatsiya qilish va iqtisodiyotimizni barqaror rivojlantirish yo'lida" "O'zbekiston"- T-2008 y 135-b

## I-bap Sud ha’m basqa organlar qararlarininin’ orinlaniwi puqaraliq protsessinin’ juwmaqlawshi basqishi.

### 1 § Sud qararlarin orinlawda qatnasatug’in shaxslar.

A’dil sudlawdi a’melge asiriw maqsetinde puqaralar ha’m sho’lkemlerdin’ huquqlarin qorg’aw maqsetinde shig’arilg’an qararlardin’ orinlaniwi puqaraliq protsessinin’ juwmaqlawshi basqishi bolip tabiladi. Sudtin’ sheshiwshi qararina shag’im berilmese, joqari sudlarda tastiyqlang’annan keyin nizamli ku’shke kiredi. Bul qararlar sonday-aq puqaraliq isleri boyinsha basqa organlar hu’jjetleri qararlari iqtiyarli tu’rde orinlanadi. Eger bul qararlardi orinlawg’a ma’jbur bolg’an shaxslar iqtiyarli tu’rde orinlamasa, sud qarari PPK nin’ 370-385-statiyalari ha’m sud qararlarin orinlaw ta’rtibi menen ta’rtipke salinadi. Bulardan tisqari orinlaw ha’reketleri “sud hu’jjetleri ha’m basqa organ hu’jjetlerin orinlaw haqqinda” g’i nizam, “Orinlaw o’ndirisin alip bariw ta’rtibi ha’m sud orinlawshilari xizmetin sho’lkemletiriw haqqinda” g’i Reje ha’m basqa hu’jjetler menen ta’rtipke salinadi.

Sudtin’ sheshiwshi qarari ha’m basqa hu’jjetlerdi ma’jburiy ta’rtipte orinlawdi iske asiratug’in lawazimli shaxs sud orinlawshisi bolip tabiladi.

Sud orinlawshisi o’z baslamasi menen sheshiwshi qarardin’ tez ha’m aniq orinlaniwi ushin ha’mme nizamli ilajlardi qarawg’a ha’m ta’replerge olardin’ huquqlari, nizam menen qoriqlanatug’in ma’plerin qorg’awda belsene ja’rdem beriwi kerek.

Sud ha'm basqa organ hu'jjetlerin orinlaw ha'm sudlar iskerligin material-texnikaliq, finansliq jaqtan ta'miynlew Departamenti A'dillik Ministrligi quramina kirip, sud orinlawshilarinin' sistemasi to'mendegi ta'rtipte ko'rsetilgen:

A'dillik Ministrligi janindagi Sud orinlawshilarina Sud ha'm basqa organ hu'jjetlerin orinlaw ha'm sudlar iskerligin material-texnikaliq, finansliq jaqtan ta'miynlew Departamenti onin' direktori yag'niy A'dillik Ministrligi orinbasari basshiliq etedi., ol O'zbekistan Respublikasi Ministrler Kabineti ta'repinen lawazimina tayinlanadi ha'm azat etiledi.

Departamenttin' direktori orinbasarina iye boladi, ol O'zbekstan Respublikasi A'dillik ministrligi ta'repinen lawazimina tayinlanadi ha'm azat etiledi.

Departamenttin' quramina bo'lim basliqlari, bas jetekshi, u'lken inspektorlar menen qa'niygeler kiredi.

Department orinlarda aymaqliq bo'limlerine iye boladi, olar sud qararlarin ha'm basqa organ hu'jjetlerin orinlaw boyinsha jumisti sho'lkemletiredi, sudlardin' jumisin material-texnikaliq, finansliq jaqtan ta'miynlew boyinsha jumislardi a'melge asiradi.

Departamenttin' aymaqliq bo'limleri yuridikaliq shaxs bolip tabiladi, tikkeley department ta'repinen qa'liplestiriledi ha'm qarjilandiriladi, ja'ne o'z jumisinda Departament direktorina esap beredi.

Departamenttin' strukturaliq bo'lim basliqlari lawazimina Departament direktori ta'repinen A'dillik Ministri menen kelisken halda tayinlanadi.

Sud orinlawshilari bir qatar huquq ha'm minnetlerge iye bolip, olardi orinlag'an halda jumis alip bariwi kerek.

Sudtin' sheshiwshi qarari ha'm basqa hu'jjetlerdi ma'jburiy ta'rtipte orinlawdi sho'lkemletiriw A'dillik Ministrligi janindagi Sud ha'm basqa organ hujjetlerin orinlaw ha'm sudlar iskerligin material-texnikaliq, finansliq jaqtan tamiynlew Departamentinin' aymaqliq bo'limleri ta'repinen a'melge asiriladi ha'm olardin' tiykarg'i waziypalari sud aktleri ha'm basqa organ hu'jjetlerinin' so'zsiz orinlaniwin ta'miynlewdi sho'lkemletiriw sud orinlawshilarinin' rayonliq bo'limlerinin' jumisin qadag'alaw bolip tabiladi.

Sud orinlawshilari bo'limlerinde sud orinlawshilarinin' biri u'lken sud orinlawshisi etip tayinlanadi. U'lken sud orinlawshilari Departamenttin' aymaqliq bo'limi baslig'i ta'repinen tayinlanadi.

U'lken sud orinlawshilari jumisina basshiliq etiw sud orinlawshilarinin' rayonliq bo'limleri u'lken sud orinlawshilarinin' minneti esaplanadi.

Sud orinlawshilarinin' rayonliq bo'liminin' u'lken sud orinlawshisi:

Sud orinlawshilarinin' rayonliq bo'liminin' jumisina texnikaliq ha'm finansliq ta'miynlew boyinsha jumislardi a'melge asiradi;

Sud qararlarinin' ha'm basqa organ qararlarinin' duris, o'z waqtinda orinlaniwi u'stinen ku'ndelikli qadag'alaw alip bariwdi a'melge asiradi, sud orinlawshilarina za'rur bolg'an ja'rdem ko'rsetedi;

Rayonliq bo'limge kelip tu'sken orinlaw hu'jjetlerin sud orinlawshilari arasinda bo'listiredi;

Sud orinlawshisina ol xizmet ko'rsetetug'in ayrim qararlardin' tastiyqlaydi;

Orinlaw hu'jjetlerin orinlaw barisinda bo'limnin' depozit esap betindegi qarjilarg'a biylik etedi;

Sud orinlawshilarina ju'klengen huquqlar ha'm minnetlerge muwapiq sud orinlawshisinin' waziypalarin a'melge asiradi;

Ta'rtip boyinsha joqari yuridikaliq yaki orta arnawli mag'liwmatqa iye bolg'an O'zbekstan Respublikasi puqarasi Sud orinlawshisi boliwi mu'mkin. Sud orinlawshilarin lawazimg'a tayinlaw ha'm lawaziminan azat etiw O'zbekstan Respublikasi A'dillik Ministrligi janindagi Sud ha'm basqa organ hu'jjetlerin orinlaw ha'm sudlar iskerligin material-texnikaliq, finansliq jaqtan ta'miynlew Departamentinin' aymaqliq bo'limleri ta'repinen a'melge asiriladi.

Sud orinlawshilari ha'kimiyat wa'kili esaplanadi ha'm ol xizmet waziypalarin orinlap atirg'anda O'zbekstan Respublikasi A'dillik Ministrligi ta'repinen tastiyqlang'an u'lgidegi arnawli kiyimde boladi. O'zbekstan Respublikasi A'dillik Ministrligi janindagi Sud ha'm basqa organ hujjetlerin orinlaw ha'm sudlar iskerligin material-texnikaliq, finansliq jaqtan ta'miynlew Departamentinin' sud qararlarin orinlaw bo'limi basligi ha'm qa'niygeleri, ol department aymaqliq bo'limlerinin' sud qararlarin orinlaw ma'seleleri boyinsha bas ha'm jetekshi inspektorlari sud orinlawshilari statusina iye.

Sud orinlawshilari o'zine berilgen huquqlardan nizamg'a muwapiq paydalaniwg'a o'z jumisinda fizikaliq, ja'ne yuridikaliq

ta’replerdin’ huquqlari ha’m nizamli ma’plerinin’ kemeytiliwine jol qoymawg’a minnetli.

Sud orinlawshilari bir qatar huquq ha’m minnetlerge iye bolip, olardi saqlag’an halda jumis alip bariwi tiyis.

Sud orinlawshilari minnetleri:

Sud orinlawshilari o’zine berilgen huquqlardan nizamg’a muwapiq paydalaniwi ha’m o’z jumisinda fizikaliq ha’m yuridikaliq ta’replerdin’ huquqlari menen nizamli ma’plerinin’ kemsitiliwine jol qoymawg’a minnetli;

Orinlaw isin ju’ritiwde qatnasip atirg’an shaxslarg’a olardin’ protsessualliq huquq ha’m minnetlerin tu’sindiriw;

Orinlaw qararlarinin’ o’z waqtinda, duris ha’m toliq orinlaniwi boyinsha ilajlardi qarag’aw;

Ta’replerge yaki olardin’ wa’killerine Is materiallari menen tanisiw, olardan ko’shirmeler, nusqalar aliw mu’mkinshiligin beriwge;

Ta’replerdin’ arzalari boyinsha o’tinishlerin qarap shig’iwg’a, shag’im etiw mu’ddetleri ha’m ta’rtibin tu’sindirip, tiyisli qarar shig’ariwg’a;

Eger o’zi isti ju’ritiw barisinda ma’pdar bolsa yaki onin’ biyg’a’rezligine guman tuwilsa o’zin-o’zi isten shetletetug’inin bildiriw.[3]

Sud orinlawshilari nizam hu’jjetlerine muwapiq basqa da minnetlerge iye boladi:

---

[3] “Sud hu’jjetleri ha’m basqa organ hu’jjetlerin orinlaw haqqinda” g’i nizam 2001-jil 29-avgust

Qarizdarlarg’a baylanisli ka’rxanalar, mekeme, sho’lkemlerde sud ha’m basqa organlar qararlarinin’ orinlaniwina ha’m orinlaw isin ju’rgiziwge ko’re finans hu’jjetlerin ju’rgiziwde tekseriwler alip bariw, fizikaliq ha’m yuridikaliq ta’replerge belgili bir orinlaw ha’reketlerin a’melge asiriw ma’selesi boyinsha tapsirmalar beriw;

Qarizdar iyelep turg’an yaki og’an qarasli bolg’an orinlarg’a ha’m o’nimlerdi saqlaytug’in orinlarg’a kiriw. Olardi ko’zden o’tkeriw, olardi ashiw, bul ha’reketlerdi basqa orinlarda da a’melge asiriw;

Mal-mu’lkti xatlaw, xatlang’an mu’lklerdi alip qoyiw, saqlawg’a tapsiriw ha’m realizatsiya etiw, qarizdardin’ bank ha’m basqa kredit organlarindagi esap betlerinde, amanatlarinda turg’an ha’m saqlaw ushin berilgen pul qarjilarin ha’m basqa qimbat bahali qag’azlarin xatlaw;

Alip qoyilg’an mu’lkti waqtinsha saqlaw ushin ma’mleket iyeligindegi orinlarg’a mu’lk iyesinin’ kelisimi menen bolsa, basqa iyeliktegi orinlardan paydalaniw, mu’lkti saqlaw minnetlemesin tiyisli shaxslardin’ moynina ju’klew;

Talaplardin’ aniq emesligi aniqlang’an jag’dayda orinlaw hu’jjetlerin bergen sud yaki basqa organnan orinlaw ta’rtibin tu’sindirip beriwdi soraw;

Qarizdarg’a onin’ mu’lkine yaki balag’a baylanisli izlestiriw ja’riyalaw;

Sud qararlarin orinlaw barisinda a’dette eki tarep: o’ndiriwshi ha’m sud qararin orinlawg’a ma’jbur ta’rep qarizdar qatnasadi. Eger sud qarari menen dawagerdin’ talabi qanaatlandirilsa, qarardin’

orinlaniwi barisinda dawager-o'ndiriwshi, juwapker-qarizdar bolip esaplanadi. Eger sud qarari menen dawagerdin' talabi biykarlanip, onnan juwapkerdin' paydasina yagniy sud qa'rejetlerin o'ndiriwge qarar shig'arilsa, bunda orinlaw waqtinda dawager-qarizdar, al juwapker o'ndiriwshi bolip qala beredi. Sud protsessinde uliwma qatnaspag'an adamlar yaki organlar da ta'repler bolip qatnasiwi mu'mkin. Bul jag'dayda miyrasxorlar yaki o'ndiriwshiden orinlaw qag'azi boyinsha haqi talap etiw huquqina iye adamlar o'ndiriwshi boladi. Orinlaw waqtinda bir o'ndiriwshi ha'm qarizdar qatnasadi. Ayrim jagdaylarda sheriklik minnetlemelerden kelip shig'atug'in talaplar qanaatlandirilsa, orinlaw protsessinde o'ndiriwshi ta'repten de, qarizdar ta'repten de sherik qatnasiwshi boliwi mu'mkin.

Ha'r bir qarar boyinsha bir orinlaw hu'jjeti beriledi. Eger orinlaw ha'reketleri tu'rli orinlarda o'tkeriletugin bolsa, qarar bir neshe dawagerler paydasina yaki bir neshe juwapkerge tiyisli bolsa, o'ndiriwshilerdin' iltimasina ko're, sud orinlaw ornin aniq ko'rsetip, bir neshe orinlaw qag'azin beriwi mu'mkin. Sherik juwapkerlerden aqsha qarjilarin o'ndiriw haqqinda ha'kimiyat qarar tiykarinda o'ndiriwshinin' o'tinishi boyinsha juwapkerdin' sanina qarap bir neshe orinlaw qag'azin beriwi mu'mkin. Ha'r bir orinlaw hu'jjetinde o'ndiriletug'in aqsha swmmasi ha'm juwapkerler sanap o'tiliwi kerek.

Sud orinlawshilari ma'jburiy orinlawg'a kiriskende ta'replerge olardin' huquq ha'm minnetlerin tu'sindiriw kerek. O'ndiriwshi ha'm qarizdar sheshiwshi qarar orinlaniwi waqtinda jeke o'zi yaki wa'killeri arqali qatnasiwg'a, orinlaw isin ju'ritiw materiallari menen

tanisiwg'a, kelisim pitimlerin du'ziwge, mu'lktin' kimge tiyisli ha'm onin' bahasi haqqinda dawlasiwg'a, Sud orinlawshilarinin' ha'reketleri u'stinen shag'im beriwge haqli.

PPK nin' 380-statiyasinda sud o'ndiriwshi, qarizdar yaki Sud orinlawshilarinin' arzasina ko're, qarardin' orinlaniwin PPK nin' 16-statiyasinda belgilengen ta'rtipte keshiktiriwge yaki onin' bo'lip-bo'lip orinlaniwina jol qoyiwg'a, oni orinlaw usili ha'm ta'rtibin o'zgertiwge haqli. Orinlaw ha'reketlerin orinlag'anda Sud orinlawshilari, eger o'ndiriw ushin za'rur bolsa, qarizdardin' imaratlari ha'm skladlarin ko'zden o'tkeriwge de haqli. Qarizdar Sud orinlawshilarinin' imaratqa kiriwine jol qoymag'an jag'dayda 3-shaxslardi mirat etip, imaratti olardin' qatnasinda ashadi ha'm ko'zden o'tkeredi.

Sud orinlawshilari qarardin' orinlaniwina kirispesten aldin qarizdarg'a qarardi 5 ku'nlik mu'ddette iqtiyarli tu'rde orinlaw haqqinda usinis jiberedi. Qarizdar belgilengen mu'ddette qarardi orinlamasa yaki iqtiyarli orinlawdan bas tartsa, Sud orinlawshilari qarardi ma'jburiy orinlawg'a kirisedi.

Ma'jburiy orinlaw ilajlari: qarizdardin' jeke mu'lkin xatlaw, mu'lkti satiw joli menen o'ndiriw, qarizdardin' basqa adamlarda bolg'an jeke mu'lkinen ha'm aqsha qarjilarinan o'ndiriw, is haqi, peniya, stependiya ha'm basqa tu'rdegi da'ramatlarinan o'ndiriw, qararda ko'rsetilgen ayrim zatlardi o'ndiriwshige beriw ha'm basqa da ilajlar ko'rinisinde boladi.

Qatnasiq uqiplilig'ina iye puqara ta'repinen saylang'an wa'killiktin' ha'm orinlaw protsessindegi yuridikaliq shaxs wa'killeri

notarial yaki wa'killik beriwshinin' jumis ornindag'i ha'kimshilik ta'repinen berilgen jazba tu'rdegi isenim yaki wa'killik xati menen ra'smiylestirilgen boliwi kerek. Nizamli wa'killerden o'z aldina wa'killik xati talap etilmeydi. Wa'killer ta'replerdin' barliq huquqlarinan paydalanadi. Wa'killik xatinda wa'killerdin' o'z wa'killigin basqa shaxsqa beriw, orinlaw ha'reketi waqtinda kelisim pitimin du'ziw, mu'lk ha'm aqsha aliw huquqi arnawli ko'rsetiliwi kerek. Bul ko'rsetpe bolmasa, iqtiyarli saylang'an wa'kil ta'replerge tiyisli huquqlardan paydalana almaydi.

Bir qatar ma'seleler: qarardi sir saqlaw, qarardin' orinlaniwin keshiktiriw, orinlaw hu'jjetlerin aliw yaki oni keyinge qaldiriw, oni orinlawg'a qaratiw boyinsha o'tip ketken mu'ddetti qayta tiklew, qarizdardin' uliwma mu'lktegi u'lesin belgilew, ta'replerdin' kelisim pitimin tastiyqlaw, qarardin' orinlaniwin toqtatiw ha'm biykarlaw, orinlaw qag'azinin' dublikatin beriwi usag'anlar usinin' qatarina kiredi.

Orinlaw protsessinde prokurordin' qatnasiwi ko'rsetilgen. Nizamlardin' duris orinlaniwi u'stinen qadag'alaw ornatiw Bas Prokuror ha'm og'an qarasli prokurorlar moynina ju'klengen.

PPk nin' 46-statiyasina ko're, prokuror iske protsess baslaniwi menen qatnasa aladi. Ol puqaraliq islerinin' ju'rgiziliwinde nizamlardin' ha'r qiyli tu'rde buziliwin saplatiriw ushin nizamda ko'rsetilgen ilajlardi qaraydi.

Prokuror sud ha'm basqa organ hu'jjetlerinin' duris ha'm o'z waqtinda orinlaniwi u'stinen de qadag'alaw alip baradi.

## 2 § Orinlaw tiykarlari.

Sud ha’m basqa organ qararlarin orinlaw menen baylanisli hu’jjetlerdin’ orinlaniwi haqqindagi qag’iydalar O’zbekstan Respublikasi Nizami, Reje ha’m PPK nin’ IV bo’liminde belgilengen. Bular to’mendegilerden ibarat:

Sudtin’ qararlari, da’rhal orinlaniw jag’daylarinan tisqari (PPK nin’ 220-221-statiyalari) ha’mme jag’daylarda nizamli ku’shke kirgen ku’nnen keyin orinlanadi.

Ma’pdar shaxslardin’ o’tinishi menen orinlaw hu’jjetlerine joqarida ko’rsetilgen tiyisli uyim beredi. Bunday hu’jjetler to’mendegilerden ibarat:

1) puqaraliq isleri ha’m xojaliq dawlari boyinsha sudlardin’ sheshimleri, uyg’ariwlari ha’m qararlari;

) jinayat isleri boyinsha sudlardin’ hu’kimleri, uyg’ariw ha’m qararlarinin’ mu’lklik o’ndiriwlerge tiyisli bo’legi;

3) ha’kimshilik huquq buzarliqlar haqqindag’i isler boyinsha sud qararlarinin’ mu’lklik o’ndiriwge tiyisli bo’legi;

4) alimentler to’lew haqqindag’i notarial tastiyqlang’an kelisimleri;

5) notariuslardin’ orinlaw xatlari;

6) miynet dawlari boyinsha komissiyalardin’ qararlari;

7) ha’kimshilik huquqbuzarliqlar haqqindag’i islerdi qarap shig’iwg’a wa’killik berilgen organlar shig’arg’an qararlar;

8) qalis sudlardin’ qararlari;

9) shet eller sudlarinin’ ha’m arbitraj sudlari qararlari;

1) o’z betinshe turaq jaydi iyelep alg’an yaki avariya jag’dayinda dep tabilg’an u’ylerde jasap atirg’an adamlardi ha’kimshilik ta’rtibinde ko’shiriw haqqinda prokurorlardin’ qararlari;

11) Sud orinlawshilarinin’ nizam menen ko’rsetilgen jag’daydag’i qararlari;

1) nizam menen ko’rsetilgen jag’daylarda basqa da organlardin’ aktleri.[4]

## 3 § Orinlaw hu’jjetlerin ma’jburiy orinlawg’a tapsiriw mu’ddetleri.

Sud ha’m basqa organlar qararlarin ma’jburiy orinlaniwi belgili bir mu’ddet penen sheklenedi. Qararlar orinlaniwinin’ mu’ddeti institutinin’ en’ziliwi o’ndiriwshi menen qarizdardin’ qatnasin uzaq waqitqa shekem belgisiz jag’dayda qaldiriwdin’ maqsetke muwapiq bolmawinan kelip shig’adi. PPK nin’ 377-statiyasinda belgilengenindey, sudtin’ qarari, eger nizamda basqa mu’ddet belgilenbegen bolsa, nizamli ku’shke kirgen waqittan baslap 3 jil ishinde ma’jburiy ta’rtipte orinlaniwi ushin tapsiriliwi mu’mkin.

Dawirlik to’lemlerdi o’ndiriw ushin berilgen orinlaw qag’azlari bul to’lemler o’ndiriletug’in barliq dawir ishinde orinlawg’a tapsiriliwi mu’mkin. orinlaw qag’azi orinlawg’a tapsirilg’ang’a shekem o’tken waqit ushin dawirli to’lemler joqarida ko’rsetilgen

---

[4] “Sud hu’jjetleri ha’m basqa organ hu’jjetlerin orinlaw haqqinda” g’i nizam 2001-jil 29-avgust

mu'ddetler ishinde o'ndiriledi. Usi mu'ddetlerdin' o'tiwi ha'r bir to'lem mu'ddeti pitken ku'nnen baslap dawam etedi.

Orinlawg'a tapsiriw mu'ddeti eger nizamda basqasha ta'rtip belgilenbese, orinlaw qag'azinin' orinlawg'a beriliwi, sonday-aq qarardin' bir bo'legi orinlaniwi menen pitedi.

Mu'ddet pitkennen son' onin' o'tiwi jan'adan baslanadi, bunda buringi o'tken waqit jan'a mu'ddet esabina kirmeydi. Eger orinlaw qag'azi toliq yaki bir bo'legi o'ndirilmey qaytarilsa, orinlaw qag'azin orinlawg'a tapsiriw ushin jan'a mu'ddetti esaplaw orinlaw qag'azi o'ndiriwshige qaytarilg'annan ku'nnen baslap baslanadi. (PPK nin' 378-statiyasi).

Orinlaw qag'azin orinlawg'a tapsiriw o'tkerip jiberilgen mu'ddeti, eger nizamda basqasha belgilengen bolmasa, sud da'lilli dep tapqan sebepler menen qayta tikleniwi mu'mkin.

O'tkerilip jiberilgen mu'ddetti qayta tiklew haqqindagi arza qarar shig'arg'an sudqa yaki orinlanatug'in jerdegi sudqa beriledi. Arza iste qatnasatug'in shaxslardi xabarlandirg'an halda sudta qaraladi, biraq bul shaxslardin' kelmewi o'tkerilip jiberilgen mu'ddetti qayta tiklew maselesin sheshiw ushin tosqinliq etpeydi. O'tkerilip jiberilgen mu'ddetti qayta tiklewden bas tartqanligi u'stinen jeke shag'im beriliwi yaki protest bildiriliwi mu'mkin. (PPK nin' 379-statiyasi)

Orinlawg'a tapsiriw mu'ddeti o'tkerilip jiberilgen basqa orinlaw hu'jjetleri boyinsha mu'ddetti qayta tiklew usi hu'jjetlerdi bergen organlar tarepinen iske asiriladi.

Uliwma rejelerge tiykarlanip to'mendegiler belgilengen:

1) miynet isleri boyinsha jumisshi miynet dawlarin qaraytug’in komissiyasinin’ protokoli tapsirilg’an ku’nnen baslap oni ma’jburiy orinlaniwi ushin 3 ay ishinde sud orinlawshisina usiniwi kerek:

2) ha’kimshilik ta’rtipte aling’an jariymalardi o’ndiriw boyinsha nizam menen belgilengen orinlaw mu’ddeti qollaniladi:

3) da’wirli to’lemlerdi o’ndiriw haqqinda qarar to’lem o’ndiriliwi tiyis bolg’an pu’tkil da’wir ishinde orinlaniw ku’shin saqlaydi. Biraq orinlaw hu’jjetin usiniwg’a shekem o’tken waqit ushin tek qarardi orinlawdin’ uliwma mu’ddeti shegarasinda g’ana o’ndiriliwi mu’mkin:

4) jarastiriw sudinin’ orinlaw qag’azlari 6 ay ishinde orinlaniwi kerek.

## II-bap Orinlaw isin ju’ritiwdin’ uliwma tiykarlari.

### 1 § Orinlaw isin ju’ritiw ta’rtibi.

Sud orinlawshisi belgilengen ta’rtipte berilgen orinlaw hu’jjeti tiykarinda qarizdardin’ awizeki ha’m jazba arzasi, sonday-aq sud yaki prokurordin’ usinisi boyinsha orinlaw ha’reketin baslaydi. Orinlaw ha’reketin qozg’aw ushin tiyisli orinlaw hu’jjeti orinlawshig’a poshta arqali jiberiliwi kerek.

Orinlaw islerin qozg’aw ushin sud orinlawshisi 3 ku’n ishinde qarar shig’aradi, bunda iqtiyarli orinlaw ushin 5 ku’n mu’ddet beriledi.

O'ndiriwshi orinlaw hu'jjetin orinlawg'a qaratiwg'a yaki qaratpawg'a haqli. Ol orinlaw hu'jjetin qaytarip aliwg'a usi hu'jjet boyinsha orinlaw ha'reketin toqtatip qoyiwg'a, orinlaw boyinsha o'z huquqlarinan bas tartiwg'a yaki o'z huquqin nizam jol qoyg'an jag'daylarda basqa shaslarg'a o'tkeriwge haqli. Ta'repler orinlaw waqtinda kelisim pitimin du'ziwge ha'm sud orinlawshisinin' ha'reketi u'stinen shag'im beriwge haqli.

Sud qarari o'ndiriwshinin' paydasina orinlanatug'in bolsa da, nizamda qarizdardin' huquqin qorg'awda bir qatar normalar ornatilg'an. Bul bag'darda a'hmiyetli normalardan biri qarizdardin' moynindag'i minnetin iqtiyarli tu'rde orinlap tamamlaw huquqi esaplanadi. Qarizdardin' ha'mme mu'lkinen haqi o'ndirilmeydi, onin' qanday mu'lkinen haqi o'ndiriw mu'mkin emesligi nizamda belgilengen.

Mayip bolg'anlig'i yaki den sawlig'ina basqasha formada zaqim jetkerilgen, bag'iwshisinin' qaytis boliwi sebepli ko'rilgen ziyandi to'lew swmmasina: xizmet minnetlemelerin orinlaw waqtinda mayip bolg'an shaxslarg'a ha'm usi shaxslar qaytis bolg'an jag'dayda olardin' shan'araq ag'zalarina to'lenetug'in swmmalarg'a; bala tuwilg'anlig'i mu'nasibeti menen to'lenetug'in swmmalarg'a; aliment minnetlemeleri boyinsha to'lenetug'in swmmalarg'a; miynet sharayati qolaysiz ha'm o'zine ta'n bolg'an jumislar ushin to'lenetug'in swmmalarg'a; radiatsiya ta'sirine ushrag'an shaxslar ha'm basqa jag'daylarda to'lenetug'in swmmalarg'a; ha'miledar ha'm tuwiw boyinsha to'lenetug'in napaqa swmmalari; jerlew maresimi ushin beriletug'in napaqa swmmalarina; dem aliw waqtinda balani

ku’tip saqlaw ushin bir bo’legi to’lenetug’in swmmalarg’a; balanin’ tuwiliwi, tuwisqanlardin’ qaytis boliwi, nekede boliw mu’nasibeti menen ka’rxana, mekeme yaki sho’lkem ta’repinen to’lenetug’in smmalarg’a; miynetke baylanisli mu’nasibetler biykar etilgende jumistan bosatiw napaqasi sipatinda to’lenetug’in swmmalarg’a;

Sud qararinin’ orinlaniwi barisinda puqaraliq protsessinin’ basqa prinsipleri de qollaniladi. Misali: orinlaw ha’reketi milliy tilde alip bariladi, orinlaw ha’reketi alip barilip atirg’an tildi bilmeytug’in adam orinlaw isi materiallari menen dilmash arqali tanisiwi mu’mkin. orinlaw isin a’melge asiriwda orinlawshi biyg’arez bolip, tek nizamg’a boysinadi.  Sud orinlawshisina hesh kim orinlawdi qalay iske asiriw kerekligi haqqinda ko’rsetpe beriwi mu’mkin emes.

Sud orinlawshisinin’ is-ha’reketleri onin’ jumisi menen puqaralardin’ tikkeley ashiq tanisiwina imkan bermeydi, sebebi ko’plegen orinlaw ha’reketleri qarizdardin’ u’yinde islenedi ha’m puqaralardin’ turaq jayg’a qol qatilmaligi prinspine muwapiq ol jerge basqa adamlardin’ kiriwi sheklenedi. Biraq ja’riyaliliq prinspine ko’re orinlaw ha’reketi baspa so’zde sa’leleniwi mu’mkin.

Orinlaw ha’reketleri puqaralardin’ sotsialliq, menshik ha’m jumis jag’dayi, milleti, rasasi ha’m diniy isenimlerine qaramastan nizam ha’m sud aldinda ten’lik tiykarinda iske asiriladi.

Sud orinlawshisi ta’repinen orinlaw hu’jjetin sudtan yaki basqa organnan yaki o’ndiriwshiden alg’an ku’nnen baslap 3 ku’nnen keshiktirmey, orinlaw isin ju’rgiziwdi qozg’aw haqqinda qarar shig’ariladi.

Sud orinlawshisi qarardi orinlawdan jeke o’zi tikkeley yaki basqasha ma’pdar bolsa yaki onin’ a’dilligine gu’man tuwdiratug’in basqa jag’daylar bolsa yaki ol ta’replerdin’, iste qatnasatug’in basqa o’zi yaki wa’killerinin’ tuwisqani bolsa, qarardi orinlawda qatnasa almaydi.

PPK nin’ 16-statiyasi ha’m 380-statiyasinda qarardin’ orinlaniwin keshiktiriw yaki bo’lip-bo’lip orinlaw, qarardi orinlaw usili ha’m ta’rtibin o’zgertiw, orinlaw ha’reketlerin toqtatip qoyiw ha’m tamamlaw haqqinda uliwma qa’deler berilgen. Bunda tek g’ana sudtin’ uyg’ariwi boliwi kerek.

Sud to’mendegi jag’dayda g’ana orinlaw isin ju’ritiwdi toqtatip turiwg’a minnetli boladi:

1) eger sud ta’repinen aniqlang’an huquq huquq miyraslig’ina jol qoysa, qarizdar o’lgende ol o’lgen dep ja’riyalang’anda yaki biydarek jog’alg’an dep tabilsa;

2) qarizdardin’ to’lewge uqipsizligi haqqindagi Is boyinsha xojaliq sudi ta’repinen Is ju’ritiw qollanilg’anda;

3) qarizdar qatnas qa’biletin jog’altqanda;

4) qarizdar mu’ddetli a’skeriy xizmette bolg’anda yaki mu’ddetli a’skeriy xizmette bolg’an o’ndiriwshi o’tinish etkende;

5) eger nizamda dawlasiwg’a jol qoyilg’an bolsa, qarizdar orinlaw hu’jjeti boyinsha sud ta’repinen dawlasip atirg’an waqitta;

6) ha’kimshilik huquqbuzarliqlar haqqindagi islerdi qarap shig’iwg’a wa’killik berilgen organlardin’ qararlari u’stinen sudqa shag’im etilgende;

7) orinlaw hu'jjetin beriw ushin tiykar bolg'an sud aktin yaki basqa da uyimnin' aktin orinlawdi toqtatip turiw boyinsha nizam menen huquqlar berilgen lawazimli adam ta'repinen qarar shig'arilg'anda;

8) orinlaw hu'jjeti boyinsha o'ndiriw qaratilg'an mal-mu'lkti dizimnen shig'ariw haqqinda sudqa dawa arzasi berilgende;

O'ndiriwshi o'ndiriwden bas tartqanda, eger bas tartiw sud ta'repinen qabil etilgen bolsa; o'ndiriwshi ha'm qarizdar arasinda sud ta'repinen tastiyqlang'an kelisim pitimi du'zilgende; o'ndiriwshi yaki qarizdar o'lgende, ol o'lgen dep jariyalansa, biyda'rek jog'alg'an dep tabilsa, eger sud aktinde qoyilg'an talaplar yaki minnetlemeler huquqiy miyrasxorg'a yaki biyda'rek jog'alg'an adamnin' mal-mu'lkin isenimli basqariwshig'a o'tiwi mu'mkin bolmasa, nizamda belgilengen mu'ddet o'tse, qarizdardan alip qoyilg'an zatlardi o'ndiriwshige tapsiriw haqqindagi orinlaw hu'jjetin orinlawda o'ndiriwshi zatlardi aliwdan bas tartqanda orinlaw isin ju'ritiw toqtatiladi.

Orinlaw isin ju'ritiwdi toqtatip turiw ha'm toqtatiw sud orinlawshisi bolip atirg'an orindagi sud ta'repinen a'melge asiriladi.

Eger orinlaw isin ju'rgiziw xojaliq sudi ta'repinen berilgen orinlaw hu'jjeti tiykarinda qozg'atilg'an bolsa, onda bul isti toqtatip turiw yaki toqtatiw ol xojaliq sudi ta'repinen yaki sud orinlawshisi bolip atirg'an orindagi xojaliq sudi ta'repinen a'melge asiriladi.

Sud orinlawshisi orinlaw isin ju'rgiziwdi toqtatip turiw yaki toqtatiw haqqinda ta'replerge, orinlaw hu'jjetin bergen sud yaki basqa organg'a 3 ku'nlik mu'ddet ishinde ma'lim etiwge minnetli boladi.

Sudtin’ orinlaw isin ju’rgizidi toqtatip turiw yaki toqtatiw haqqindagi uyg’ariwi u’stinen 10 ku’nlik mu’ddet ishinde jeke shag’im etiliwi yaki naraziliq bildiriliwi mu’mkin.

Orinlaw ha’reketlerin toqtatip qoyiw yaki biykarlaw, sonday-aq orinlaw hu’jjetin o’ndiriwshige qaytariw maselesi orinlawshi jaylasqan sud ta’repinen qaraladi ha’m bul haqqinda uyg’ariw shig’ariladi.

Orinlaw ha’reketlerin toqtatip qoyiw yaki biykarlaw, sonday-aq orinlaw hu’jjetin o’ndiriwshige qaytariw haqqindagi uyg’ariw u’stinen jeke shag’im beriliwi yaki protest jasaliwi mu’mkin.

Orinlang’an qarar boyinsha qarizdardan qansha mu’lk ha’m aqsha o’ndirilgenine qaramastan, orinlaw qa’rejetleri sudyanin’ uyg’ariw boyinsha qarizdardan ma’mleket paydasina o’ndiriledi. Bul uyg’ariw u’stinen jeke shag’im beriliwi ha’m jeke protest jasaliwi mu’mkin.

## 2 § Qarizdardin’ mu’lki esabinan haqi o’ndiriw ta’rtibi.

O’ndiriwdi qarizdardin’ mal-mu’lkine qaratiw, qarizdardin’ mal-mu’lkin xatlaw, alip qoyiw ha’m ma’jbu’riy realizatsiyaladan ibarat.

Orinlaw hu’jjetleri boyinsha fizikaliq ha’m yuridikaliq shaxslardan o’ndiriw birinshi na’wbette qarizdardin’ swm ha’m sirt el valyutasindag’i pul qarjilarina ja’ne de bahali zatlarina, sonin’ ishinde banklerdegi ha’m basqa kredit sho’lkemlerindegi pul qarjilarina ja’ne de o’zge bahali zatlarina qaratiladi.

Qarizdardin’ banklerdegi ha’m basqa kredit sho’lkemlerindegi esap betlerinde ha’m amanatlarinda turg’an yaki saqlawg’a qoyilg’an pul qarjilari ha’m basqa bahali zatlari haqqindagi mag’liwmat bar bolsa, olar xatlanadi. Qarizdardin’ ma’lim bolg’an tiyisli swmdag’i naq pul yaki banklerdegi yamasa basqa kredit sho’lkemlerindegi swmmalari jeterli bolmasa, o’ndiriw qarizdardag’i bar bolg’an naqlay sirt el valyutasina yaki onin’ banklerdegi yamasa basqa kredit sho’lkemlerindegi esap betlerinde, amanatlarinda turg’an yamasa saqlanip atirg’an valyutasina qaratiladi.

Qarizdar o’ndiriliwi qaratiliwi lazim bolg’an mal-mu’lktin’ tu’rlerin yamasa zatlardi o’zi ko’rsetiwge haqli.

Qarizdardin’ o’ndiriwshinin’ talaplarin qanaatlandiriw ushin jetkilikli pul qarjilari bolmasa, o’ndiriw qarizdarg’a tiyisli bolg’an basqa mal-mu’lkke qaratiladi, nizamg’a muwapiq o’ndiriw qaratiliwi mu’mkin bolmag’an mal-mu’lk bug’an kirmeydi.

Qarizdardin’ mal-mu’lkinin’ anaw yaki minaw tu’rine o’ndiriw qaratiw na’wbetin sud orinlawshisi usi ma’l-mu’lktin’ likvidligin esapqa alg’an jag’dayda belgileydi.

Qarizdardin’ mal-mu’lkine sonin’ ishinde naq pul qarjilari ha’m banklerdegi yamasa basqa kredit sho’lkemlerindegi esap betlerinde ja’ne de amanatlarinda turg’an yamasa saqlawg’a pul qarjilarina ha’m basqa bahali zatlarina o’ndiriw orinlaw shig’inlarin esapqa alg’an jag’dayda orinla hu’jjetin orinlaw ushin za’rur bolg’an mug’darda ha’m ko’lemde qaratiladi.

Qarizdar basqa shaxslar menen uliwma mu’lk huquqi tiykarinda tiyisli mal-mu’lkke iye bolg’an jag’daylarda o’ndiriw onin’ nizam hu’jjetlerine muwapiq aniqlanatug’in u’lesine qaratiladi.

Qarizdardin’ mal-mu’lkine orinlaw o’ndirisin qozg’atiw haqqinda qarar qarizdarg’a tapsirilg’an ku’nnen baslap 1 ay mu’ddetten keshiktirmey, za’rurli jag’daylarda oni tapsiriw menen bir waqitta xatlanadi.

Qarizdardin’ mal-mu’lkin xatlaw, mal-mu’lkti dizimge aliwdan, oni iyelew qadag’an etilgenligin dag’azalawdan, za’rurli jag’daylarda mal-mu’lkten paydalaniw huquqin sheklewden, oni alip qoyiw yamasa saqlawg’a tapsiriwdan ibarat. Sheklewdin’ tu’rleri, ko’lemi ha’m mu’ddetlerin belgili bir jag’dayda mal-mu’lktin’ o’zgesheligin onin’ mu’lk iyesi yamasa iyesi ushin esapqa alip, sud orinlawshisi belgileydi.

Qarizdardin’ xatlang’an mal-mu’lkin iyelew boyinsha sud orinlawshilarinin’ qadag’an etiwin buziw yaki onnan paydalaniw huquqinin’ sheklengenligine a’mel etpew nizam hu’jjetlerinde na’zerde tutilg’an juwapkerlikke sebep boladi.

Xatlaw to’mendegi jag’daylarda qollaniladi:

O’ndiriwshige alip beriletug’in yamasa realizatsiya etiletug’in qarizdardin’ mal-mu’lkinin’ saqlaniwin ta’miynlew maqsetinde;

Juwapkerge tiyisli bolip, onin’ o’zinde yamasa basqa shaxslarda turg’an mal-mu’lkti xatlaw haqqindag’i sud uyg’ariwi orinlanip atirg’anda.

Xatlang'an mal-mu'lkti alip qoyiw, realizatsiyalaw ushin tapsiriw sud orinlawshisi ta'repinen belgilengen mu'ddette, biraq xatlang'annan keyin keminde 5 ku'nnen son' a'melge asiriladi.

Eger qarizdardin' mal-mu'lkin dizimge aliw waqtinda basqa shaxslar bul mal-mu'lkke baylanisli o'zlerinin' huquqlarin bildirgen jag'dayda da mal-mu'lk xatlanadi, biraq basqa shaxstin' talabi haqqinda dizimde belgi qoyiladi. Usinin' menen bir waqitta sud orinlawshisi ma'pdar shaxsqa mal-mu'lkti dizimnen shig'ariw haqqindag'i dawa menen mu'rajat etiw huquqin beretug'in ta'rtipti tu'sindiredi;

Mal-mu'lkti men'geriw qadag'an etilgenin ja'riyalaw;

Za'rur bolg'anda mal-mu'lkten paydalaniwdi sheklew, oni alip qoyiw yaki saqlawg'a tapsiriw.

Dizimge aling'an mal-mu'lk sud orinlawshisi ta'repinen dizimge aliniwi tiyis bolg'an mal-mu'lktin' tu'rlerine bolg'an talap ha'm usinisinin' bazar jag'dayi haqqinda bar bolg'an mag'liwmatlar tiykarinda, orinlaw ku'ninde a'melde bolg'an nirqlarda bahalanadi.

Za'rur jag'dayda sud orinlawshisi mal-mu'lktin' bahasin aniqlaw ushin qa'niygeni shaqiradi.

Bahali qag'azlar, valyuta, qimbat bahali metallar ha'm qimbat bahali taslardan jasalg'an zergerlik buyimlari ha'm basqa ruwzgershilik buyimlari siyrek ushrasatug'in buyimlar su'wretlew o'neri ha'm strukturaliq shig'armalarinin' tu'p nusqalarin dizimge alip, qa'niygeler qatnasinda bahalanadi. Keyin saqlaw ushin bankke tapsiriladi, belgili bir tu'rdegi bayliqlar muzeyge yaki olardin' saqlaw sharayatlarin ta'miynlewshi basqa arnali mekemege tapsiriliwi tiyis

ekenligi haqqinda nizam hu'jjetlerinde belgilengen jag'daylar bug'an kirmeydi.

Saqlawshi eger qarizdar onin' o'zi yamasa shan'araq ag'zalari bolmasa, saqlang'anlig'i ushin tiyisli haqi aladi. Saqlawshinin' mal-mu'lkti saqlawi ushin jumsag'an za'rurli qa'rejetleri de usi mal-mu'lkten paydalaniwi arqali alg'an paydasi shegirip taslang'an jag'dayda o'teledi.

Xatlang'an ha'm alip qoyilg'an mal-mu'lkti saqlaw ta'rtibi ja'ne de sha'rtleri O'zbekstan Respublikasi Ministrlar Kabineti ta'repinen belgilenedi.

Qarizdardin' xatlang'an mal-mu'lkin realizatsiyalaw, eger nizam hu'jjetlerinde basqasha jag'day ko'rsetilgen bolmasa, xatlaw tiykarlari ha'm mal-mu'lktin' tu'rlerine qaramastan, xatlang'an ku'nnen baslap 3 ay ishinde oni satiw joli menen a'melge asiriladi, nizamg'a muwapiq qatnastan shig'arilg'an mal-mu'lk bug'an kirmeydi.

Qarizdardin' mal-mu'lki sha'rtnama-da'ldalshiliq tiykarinda yaki auktsion sawdasi sha'rtlerine muwapiq realizatiya etiledi, ko'shpes mu'lk bug'an kirmeydi.

Qarizdardin' ko'shpes mu'lki qa'niygelestirilgen sho'lkemler ta'repinen kim ziyat sawdasin o'tkeriw joli menen nizam hu'jjetlerinde ko'rsetilgen ta'rtipte satiladi.

Eger mal-mu'lk 2 ay ishinde realizatsiya etilmese, o'ndiriwshige mal-mu'lkti bahalang'an swmmada o'zinde qaldiriw huquqi beriledi. O'ndiriwhi mal-mu'lkti aliwdan bas tartqan jag'dayda, ol qarizdarg'a qaytariladi. Orinlaw o'ndirisin ju'rgiziw bolsa toqtatiladi.

Qarizdar qag'azin ha'm sud orinlawshisi mal-mu'lkin alip qoyiw, bahalaw ha'm realizatsiya etiw menen baylanisli jag'dayda jumsalg'an shig'inlardi toliq o'tegenligin tastiyqlawshi hu'jjetlerdi o'ndiriwhi a'melge asiriwshi sud orinlawshisina using'an jag'dayda alip qoyilg'an ha'm realizatsiya etilmegen mal-mu'lk qarizdarg'a qaytariladi. Bul jag'dayda orinlanbag'an inkasso tapsirmalari da qaytarilip alinadi.

Qarizdar yuridikaliq shaxs kasasi seyflerinde saqlanip atirg'an ha'm bul kasanin' ayriqsha ajiratilg'an bo'lmesinde yaki qarizdar bolg'an yuridikaliq shaxstin' basqa imaratlarinda bolg'an swmdag'i ha'm sirt el valyutasindagi naq pul qarjilari olar aniqlaniwi menen qarizdi beriw ha'm orinlaw boyinsha qa'rejetlerdi o'tew ushin za'rur bolg'an mug'darda tez alip qoyiwi tiyis.

Alip qoyilg'an swmdag'i pul qarjilari kelesi ku'nnen keshiktirmey qarizg'a ten' mug'darda o'ndiriwshinin' esap betlerine o'tkeriw ushin bankke tapsiriladi. Orinlaw boyinsha qa'rejetlerdi o'tew ushin belgilengen orinlaw jiyimi swmmasi sud orinlawshilarinin' depozit esap betlerine o'tkerilip, keyin ala ol swmma esabinan orinlaw qa'rejetleri o'teledi.

Sud orinlawshisi qarizdar bolg'an yuridikaliq shaxstin' banktegi ha'm basqa kredit sho'lkemlerindegi esap betlerinde ha'm amanatinda turg'an yaki saqlanip atirg'an pul qarjilarin xatlaw ilajlarin qaraydi.

Qarizdar bolg'an yuridikaliq shaxstin' to'lewi ushin jeterli pul qarjilari bolmasa, o'ndiriw og'an mu'lk huquqi tiykarinda tiyisli bolg'an qay jerde ha'm kimnin' paydalaniwinda boliwina qaramastan,

basqa mal-mu’lkke qaratiladi. Bul mal-mu’lk nizamda ko’rsetilgen ta’rtipte xatlanadi yamasa og’an basqa orinlaw ha’reketleri a’melge asiriladi.

Qarizdardin’ ko’shpes mu’lkin kim ziyat sawdasinda satiw qa’niygelestirilgen sho’lkemler ta’repinen sho’lkemlestiriledi ha’m o’tkeriledi.

Sud orinlawshisinin’ kim ziyat sawdasina qoyilatug’in en’ kem bolg’an da’slepki bahasi ko’rsetilgen buyirtpasi yamasa tiyisli qa’niygelestirilgen sho’lkem menen du’zilgen sha’rtnamasi kim ziyat sawdasina o’tkeriw ushin tiykar boladi.

Qarizdar o’zinin’ qaysi mu’lki esabinan haqi o’ndiriw mu’mkinligin ayta aladi. Eger onin’ ko’rsetken mu’lki menen qariz qaplaniw mu’mkin bolsa, sud orinlawshisi bul o’tinishti qanaatlandiradi. Imkani barinsha mu’lktin’ bahasi o’ndiriw swmmasi ha’m orinlaw qa’rejetlerinen ko’p bolmawi tiyis. Nizam boyinsha puqaralardin’ menshik huquqin qorg’aw maqsetinde orinlaw hu’jjeti boyinsha haqi o’ndiriliwi mu’mkin bolg’an mu’lklerdin’ dizimin belgileydi. Qarizdardin’ o’zi ha’m qaramag’indag’i adamlar ushin za’rur bolg’an kiyim-kenshek, u’y-ruwzger zatlari, onin’ ka’sibin dawam etiw ushin za’rur bolg’an kitaplar, qollanbalar ha’m a’sbap-u’skeneler esabinan haqi o’ndiriliwi mu’mkin emes.

Sud orinlawshisi mu’lkti xatlawdan aldin qarizdardi o’ndiriliwi mu’mkin bolg’an mu’lkler menen tanistiriwi lazim. Qarizdardin’ joqlig’inda mu’lk dizimge alinsa, bul waqitta guwalardin’, turaq jay basqarmasi yaki ha’kimshilik wa’kilinin’ qatnasiwi sha’rt. Sud orinlawshisi zatlardi mo’rleydi, bul haqqinda dizim aktina kiritedi.

Dizimge aliw aktinin’ nusqalari qarizdar ha’m mu’lkti saqlawshig’a beriledi. Mu’lkti dizimge aliw haqqindag’i akt 2 nusqada du’zilip, onin’ birewi qarizdarg’a beriledi. Eger mu’lk saqlaw ushin basqa adamlarg’a tapsirilsa, akt 3 nusqada du’ziledi ha’m birewi saqlawshig’a beriledi.

Mu’lkti dizimge aliwda 3-shaxslar bul mu’lktin’ o’zlerine tiyisli ekenligin bildiriwi mu’mkin. bunday jag’dayda nizam boyinsha usi mu’lk basqag’a tiyisli ekenligi aniqlansa g’ana dizimge alinbaydi.

Mu’lkti dizimge aliw waqtinda 3-shaxslardin’ usi mu’lk boyinsha huquqlarin bildirmewi ha’m qarsiliqlarin aktta ko’rsetpewi, dawli mu’lktin’ alip ketiliwi yaki satip jiberiliwi mu’lkti dizimnen shig’ariw haqqinda dawagerlik talap qoyiw huquqinan olardi ayirmaydi.

Mu’lkti dizimge aliw waqtinda sud orinlawshisi oni ma’mleketlik bahasi menen bahalaydi. Awil xojaliq o’nimleri, haywanlar ortasha bazar bahasi boyinsha, imaratlar bolsa inventarizatsiya yaki qamsizlandiriw bahasi boyinsha bahalanadi.

Bahalaniwi qiyin bolg’an zatlardin’ bahasin belgilewde o’ndiriwshi yaki sud orinlawshisinin’ baslamasi menen ekspert shaqiriladi.

Qarizdardin’ dizimge aling’an mu’lki haqqinda du’zilgen dizimge qol qoydirip, saqlaw ushin qarizdarg’a, o’ndiriwshige yaki sud orinlawshisi tayinlag’an basqa shaxslarg’a beriledi. Ma’mleketlik yaki ja’miyetlik mu’lktin’ urlaniwi talan-taraj etiliwi ha’m kem keliwi na’tiyjesinde tiygizilgen ziyandi qaplaw haqqindag’i isler boyinsha tuwisqanlarin tayinlaw qadag’an etiledi. Bunda saqlawshig’a belgilengen taksa boyinsha haqi aladi.

Mu'lkti saqlaw ushin alg'an qarizdar eger usi mu'lktin' bahasinin' kemeyiwine yaki joq bolip ketiwine sebep bolmasa, onnan paydalana aladi. saqlawg'a tapsirilg'an mu'lk sariplansa, jasirilsa tiygizilgen ziyan ushin juwapker boladi.

Qarizdardin' mu'lkin satiwg'a tiyisli uliwma rejeler barliq ilajlar ko'rilgeninde de qarizdardan tiyisli haqini o'ndiriw mu'mkin bolmasa, sud orinlawshisi qarizdardin' bug'an qu'direti jetispeytug'ini haqqinda akt du'zedi.

Qarizdi o'ndiriw ushin turaq jay imaratina arest saliw ha'm imaratti satiwg'a tiyisli rejelerde qollanbada ko'rsetilgen.

Turaq jaydan ko'shiriwde sud orinlawshisi nizamg'a boysinadi. Jumisshini jumisqa qayta tiklew, imaratti buzip taslaw, esik-da'rwazani ko'shiriwge ma'jbu'rlense, sud orinlawshisinin' bul haqqindag'i ha'reketleri de nizam boyinsha alip bariladi.

## 3 § Is haqini o'ndiriw

Sud orinlawshisi qarizdardin' barliq da'ramatlarin aniqlawg'a minnetli boladi.

Bunda sud orinlawshisi qarizdardin' ol jerde islewi, xizmet haqisinin' mug'dari, bir jola to'lemlerdi aniqlaw ushin ka'rxana, mekeme ha'm sho'lkemlerge talapnamalar jiberiwi kerek. Olar belgilengen mu'ddette onin' talabina ko're tiyisli mag'liwmatlardi jetkeriwge minnetli.

Sud orinlawshisi ta’repinen qarizdardin’ o’ndiriw qaratiliwi mu’mkin bolg’an mal-mu’lki ha’m da’ramatlarinin’ joqlig’i aniqlang’anda bul jag’day tiyisli akt penen ra’smiylestiriledi.

Qarizdardin’ xizmet haqisinan ha’m og’an ten’lestirilgen to’lemlerden uslap qalinatug’in swmmalardin’ mug’dari, saliqlar uslap qaling’annan keyin qalg’an swmmadan esaplap shig’ariladi.

Bunda orinlaw hu’jjeti boyinsha qariz toliq o’telgenge deyin qarizdarg’a to’lenetug’in xizmet haqinin’ ha’m og’an ten’lestirilgen to’lemlerdin’ en’ ko’p bolg’anda 50% uslap qaliniwi mu’mkin.

Bir neshe orinlaw hu’jjeti boyinsha o’ndiriw xizmet haqisina ha’m og’an ten’lestirilgen to’lemlerge qaratilg’anda, xizmetkerge xizmet haqisinin’ 50% saqlaniwi tiyis.

Qarizdardin’ xizmet haqisinan ha’m og’an ten’lestirilgen to’lemlerge baylanisli o’ndiriw tek to’mendegi jag’dayi g’ana a’melge asiriladi:

1) da’wirlik to’lemlerdi o’ndiriwde;

2) en’ kem xizmet haqinin’ 2 esesinen aspaytug’in swmmani o’ndiriwde;

3) o’ndirilip atirg’an swmmani toliq o’tew ushin qarizdardin’ mal-mu’lki bolmasa yaki mal-mu’lki jetkilikli bolmasa.

O’ndiriw to’mendegi swmmalarg’a qaratiliwi mu’mkin emes:

1) mayip bolg’anliq yaki den sawlig’ina basqasha ziyan keltirilgenligi yaki asirawshisinin’ o’limi sebepli ko’rilgen ziyanlardi to’lew swmmalarina;

2) xizmet waziypalarin orinlaw waqtinda mayip bolg'an adamlarg'a, nabit bolg'an jag'dayda olardin' shan'araqlarina to'lenetug'in swmmalarina;

3) bala tuwiliwi mu'nasibeti menen to'lenetug'in swmmalarina;

4) aliment minnetlemeleri boyinsha to'lenetug'in swmmalarina;

5) miynet sha'rayati qolaysiz ha'm ayriqsha jag'dayda bolg'an jumislar ushin to'lenetug'in swmmalarina; radiatsiya ta'sirine ushirag'an adamlarg'a beriletug'in swmmalarg'a;

6) ha'miledarliq ha'm tuwiw boyinsha to'lenetug'in napaqa swmmalarina;

7) jerlew ma'resimi ushin beriletug'in napaqa swmmalarina;

8) bir bo'leginde haqi to'lenetug'in miynet dem alisi da'wirinde balani ku'tip qaraw ushin to'lenetug'in swmmalarina;

9) balanin' tuwiliwi, tuwisqanlardin' o'limi, neke du'ziw mu'nasibeti menen beriletug'in swmmalarg'a, miynet qatnasiqlari toqtatilg'anda jumistan bosatiw napaqasi tu'rinde to'lenetug'in swmmalarina;[5]

Aliment o'ndiriw haqqindag'i, mayipliliq yaki den sawliqqa basqa tu'rde ziyan keliw, asirawshisinin' o'limi menen baylanisli ko'rilgen ziyandi o'tew haqqindag'i isler boyinsha, o'ndiriw tek sudtin' qararina muwapiq, waqtinsha miynet uqiplilig'in jog'altqanda to'lenetug'in sotsialliq qamsizlandiriw napaqalarina ha'm jumissizliq napaqalarina qaratiliwi mu'mkin.

---

[5] "Sud hu'jjetleri ha'm basqa organ hu'jjetlerin orinlaw haqqinda" g'i nizam 2001-jil 29-avgust

Eger qarizdar jumistan bosatilg'an bolsa, ka'rxana orinlaw qag'azina bul haqqinda belgi qoyip ha'm qarizdardin' jan'a Is ornin ko'rsetip sud orinlawshisina qaytaradi. Sonday-aq qariz swmmasi toliq o'ndirilgennen son' orinlaw qag'azi da sud orinlawshisina qaytariliwi tiyis. Orinlaw qag'azi ha'm qa'rejetleri boyinsha ka'rxana, sho'lkem ha'm mekeme ha'kimshiligi u'stinen shag'im sud orinlawshisina beriledi. Sud orinlawshisi shag'imdi 3 ku'n ishinde qarap, o'ndiriwdi duris iske asiriw ilajlarin qaraydi.

## 4 § Napaqani o'ndiriw.

Respublikamizda balalar ha'm analar, shan'araqti bekkemlew, jasi jetpegen ha'm miynetke uqipsiz adamlarg'a g'amxorliq etiw ma'mlekettin' tiykargi waziypalarinan biri bolip tabiladi.

Napaqa jasi jetpegen balalarg'a, miynetke uqipsiz ata-analar ha'm basqa adamlardin' ku'n ko'riwi ushin za'rur. Napaqa o'ndiriw haqqindag'i sud qararlarinin' o'z waqtinda ha'm duris orinlaniwinin' a'hmiyetli ekenligi o'z-o'zinen tu'sinikli. Tilekke qarsi, napaqa o'ndiriw isleri boyinsha sud qararlarinin' orinlaniwinda ayrim qa'telik ha'm kemshiliklerge jol qoyiw jag'daylari ushrasip turadi. Napaqa o'ndiriw isleri boyinsha orinlaw qag'azi qarar shig'arilg'an ku'nnen erten'inen keshiktirmey jaziliwi ja'ne o'ndiriwdi iske asiriw ushin qarizdardin' ma'kan jayindag'i sudqa jiberiliwi lazim. Orinlaw qag'azi tiyisli sho'lkemge jiberilgenligi haqqinda o'ndiriwshige ma'limlenedi. O'ndiriwshinin' talabina muwapiq orinlaw qag'azi o'zine de beriliwi mu'mkin.

Sud orinlawshilari napaqa o’ndiriw haqqindag’i orinlaw qag’azlari boyinsha o’ndirilgen swmmalardin’ o’ndiriwshilerge o’z waqtinda beriliwi yaki jiberiliwi u’stinen qadag’alawdi ku’sheytiwi ha’m alimentlerdin’ to’leniwin keshiktiriwde ayipker bolg’an adamlardi juwapkershilikke tartiw ma’selesin sudya aldina qoyiwi lazim.

O’tken waqittin’ qarizi bugalteriya ta’repinen tek sud orinlawshisinin’ buyrig’ina muwapiq uslanadi. Bugalteriya napaqa o’ndiriwdi sudlardin’ ko’rsetpesi bolmay turip yaki o’ndiriwshinin’ jazba arzasinan tisqari o’zgertiwi, toqtatiwi yaki biykarlawi mu’mkin emes.

Qarizdar jumistan bosatilg’an waqitta bugalteriya onin’ menen esaplasqan ku’ni Is haqisinan tiyisli swmma uslang’ani haqqinda orinlaw qag’azina belgi qoyadi. Usi ku’nnin’ erten’inen keshiktirmey oni sho’lkem jaylasqan jerdegi sudqa jiberiwi ha’m bul haqqinda sudqa ma’limlewi lazim. Bugalteriya sudqa qarizdardin’ jumistan bosatilg’anlig’i sebebin, keyingi ma’kan jayin, eger qarizdar basqa jumisqa o’tkerilgen yaki saparg’a jiberilgen bolsa jan’a jumis ornin aniq ma’limlewi kerek.

Orinlaw qag’azi bugalteriya ta’repinen qarizdardin’ qolina berilmeydi, sebebi ol oni jog’altiwi mu’mkin ha’m a’qibetinde o’ndiriwshi orinlaw qag’azinin’ dublikatin o’tinish etiwge ma’jbur boladi.

## 5 § O’ndirilgen swmmani o’ndiriwshiler arasinda bo’listiriw.

Sud orinlawshisinda bir qarizdarg’a tiyisli bir neshe kreditorlardin’ talaplari toplanip, olardi qanaatlandiriw ushin o’ndirilgen aqsha swmmasi jeterli bolmasa, o’ndirilgen swmmani o’ndiriwshiler arasinda bo’listiriw ma’selesi payda boladi.

Sud orinlawshisi ta’repinen qarizdardin’ o’ndirilgen, sonin’ ishinde onin’ mal-mu’lkin realizatsiya etiw joli menen aling’an pul swmmasinan, orinlaw hu’jjetin orinlaw barisinda qarizdarg’a saling’an ja’riymalar ha’m orinlaw ha’reketlerin a’melge asiriw qa’rejetleri o’teledi. Qalg’an pul swmmalarinan o’ndiriwshinin’ talaplarin qanaatlandiriw ushin paydalaniladi.

O’ndiriwshinin’ barliq talaplari qanaatlandirilg’annan keyin qalg’an pul swmmasi qarizdarg’a qaytariladi.

Qarizdardan o’ndirilgen pul swmmasi orinlaw hu’jjetleri boyinsha barliq talaplardi qanaatlandiriw ushin jetkilikli bolmasa, bul swmma o’ndiriwshiler arasinda to’mendegi na’wbette bo’listiriledi:

1) byudjetke ha’m ma’mleketlik maqsetli qorlarg’a to’lemler boyinsha talaplar, miynetke baylanisli huquq qatnasiqlarinan kelip shig’atug’in talaplar, alimentler o’ndiriw boyinsha talaplar, avtorliq sha’rtnamalar boyinsha haqilardi to’lew boyinsha talaplar, o’mirge yaki den sawliqqa keltirilgen ziyandi o’tew boyinsha talaplar, advokatlar ta’repinen keltirilgen yuridikaliq ja’rdem haqini to’lew boyinsha talaplar qanaatlandiriladi;

2) sotsialliq qamsizlandiriw boyinsha talaplar, jinayat yaki ha’kimshilik huquqbuzarliqlar na’tiyjesinde fizikaliq ha’m yuridikaliq

ta'replerdin' mal-mu'lkine keltirilgen ziyandi o'tew boyinsha talaplar qanaatlandiriladi;

3) miynetti qamsizlandiriw boyinsha organlardin' talaplari qanaatlandiriladi;

4) girewge qoyilg'an mal-mu'lktin' quninan o'ndiriw haqqindag'i girew menen ta'miynlengen talaplar qanaatlandiriladi;

5) fizikaliq ha'm yuridikaliq ta'replerdin' girew menen ta'miynlenbegen talaplar qanaatlandiriladi;

6) qalg'an barliq talaplar qanaatlandiriladi;

Ha'r bir kelesi gezektegi talaplar, onnan alding'i gezektegi talaplar toliq qanaatlandirilg'annan keyin qanaatlandiriladi.

# Juwmaqlaw.

Ma’mleketimizde bu’gingi ku’nde turmistin’ barliq tarawlarinda reformalar bolip atirg’ani hesh kimge sir emes. Bul reformalardan go’zlengen maqsetlerden biri — ekonomika, a’dil sudlaw, ma’mleket du’zilmeleri jolinda tosqinliq etip turg’an, ha’r bir insang’a onin’ mu’nasip turmis keshiriwi, o’z imkaniyatlarin toliq ko’rsetiw ushin sha’rt-sharayatlar jaratiwg’a ha’m puqaralarimiz parawanlig’in asiriwg’a tosqinliq etip atirg’an barliq tosiqlardi joq etiwden ibarat.

Bul reformalardi a’melge asiriwda sud qararlarin orinlaw sistemasinin’ jetilistiriliwi a’hmiyetke iye. Sebebi, sud qararlarin orinlaw puqaralardin’ buzilg’an nizamli huquq ha’m ma’plerin qorg’awdin’ sheshiwshi basqishi.

Ma’mleketimizde demokratiyaliq jan’alawdin’ bu’gingi basqishindagi en’ a’hmiyetli bag’darlardan biri — bul nizam u’stinligi ha’m nizamliliqti bekkemlew, shaxs huquqi ha’m ma’plerin isenimli qorg’awg’a qaratilg’an sud-huquq sistemasin izshil demokratiyalastiriw ha’m liberallastiriwdan ibarat. Bir so’z benen aytqanda, elimizde huquqiy ma’mleket tiykarlarin ja’ne de jetilistiriw ha’m xaliqtin’ huquqiy sanasi ha’m ma’deniyatin ko’teriw biz ushin sheshiwshi waziypa bolip qalmaqta.

Sonliqtan da biz g’aressizliktin’ da’slepki ku’nlerinen baslap reformalardin’ bul bag’darlarina o’z aldina diqqat awdardiq. Mine usinday jandasiw sebepli bul baradagi islerdin’ ko’lemi, na’tiyjeliligi keyingi on jilliqta bir neshe ret ken’eyip, jan’a basqishqa ko’terilgenin ju’da ko’legen misallarda ko’riwimizge boladi.

Usilar qatarinda, O'zbekistan Respublikasi A'dillik Ministrligi janinda arnawli wa'killikli du'zilme — Sud qararlarin orinlaw, sudlar iskerligin material-texnikaliq ha'm finansliq ta'miynlew Departamenti sho'lkemlestirildi. Bul bolsa o'z na'wbetinde sudlardin' olarg'a ta'n bolmag'an waziypalarinan sezilerli da'rejede ajiraliwi ha'm pu'tkil diqqat-itibardi o'zlerinin' tiykargi waziypasi bolg'an a'dil sudlawdi a'melge asiriw ushin qaratiw imkaniyatin berdi.[6]

Sud ha'kimiyati shig'arg'an hu'jjetler barliq ma'mleket organlari, ja'maat birlespeleri, ka'rxanalar, mekemeler, sho'lkemler, lawazimli shaxslar ha'm puqaralar ushin ma'jbu'riy. (Konstitutsiyanin' 114-statiyasi)[7]

Sonday-aq "Sudlar haqqinda"gi nizamnin' 5-statiyasina ko're, sud hu'jjetleri barliq ma'mleket organlari, ja'maat birlespeleri, ka'rxanalar, mekemeler, sho'lkemler, lawazimli shaxslar ha'm puqaralar ushin ma'jbu'riy ha'm O'zbekstan Respublikasi pu'tkil aymag'inda orinlaniwi sha'rt.

Bul konstitutsiyaliq normalar xaliq araliq huquq normalarina toliq mas keledi ha'm barliq rawajlang'an ma'mleketler konstitutsiyalarinda bekkemlenip qoyilg'an normalar qatarina kiredi.

---

[6] "Mamlakatda demokratik islohatlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish konseptsiyasi" 2012, 12-noyabr. 9-b

[7] O'zbekiston Respublikasi Konstitutiyasi "O'zbekiston"- T-2008 y

# Paydalanilg’an a’debiyatlar.


1. “Mamlakatda demokratik islohatlarni yanada chuqurlashtirish va fuqarolik jamiyatini rivojlantirish konseptsiyasi” 2010, 12-noyabr.

2. I.Karimov. “Mamlakatni modernizatsiya qilish va iqtisodiyotimizni barqaror rivojlantirish yo’lida” “O’zbekiston”- T-2008 y

3. I.Karimov. “O’zbekiston Mustaqillikka erishish ostonasida” – “O’zbekiston”- T-2011y

4. O’zbekiston Respublikasi Konstitutiyasi “O’zbekiston”- T-2008 y

5. “Sud hu’jjetleri ha’m basqa organ hu’jjetlerin orinlaw haqqinda” g’i nizam 2001-jil 29-avgust

6. ”Sudlar haqqinda” g’i nizam 2000-jil 14-dekabr

7. O’zbekistan Respublikasi Puqaraliq Protsessual Kodeksi T-2008 j

8. O’zbekistan Respublikasi Puqaraliq Kodeksi T- 2010 j

9. “O’zbekiston Respublikasi Sud Plenumi qarorlari” to’plami. T-2007 y

10. U.Tadjianov, X.Odilqorev, A.Saidov. “O’zbekistan Respublikasi Konstitutsiyaviy huquqi” T-2001-y

11. “O’zbekistan Respublikasi Konstitutsiyasiga sharh” T-2008-y

12. “O’zbekistan Respublikasi Yuridik ensiklopediyasi” T-2010y

13. Sh. Shorahmedov. “O’zbekistan Respublikasinin’ puqaraliq protsessual huquqi” T-2005-j